

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Salah sahiji kaparigelan anu kudu kacangking dina pangajaran basa nyaéta kaparigelan nulis. Nurutkeun Alwasilah (2007, kc. 43) nulis dina enas-enasna lain ngan saukur ngébréhkeun basa ujaran tina hiji tulisan, tapi mangrupa *mékanisme* curahan idé, gagasan atawa élmu nu ditulis ku struktur nu bener. Sedengkeun karangan atawa ngarang téh nyaéta kagiatan ngagunakeun basa tinulis. Sakumaha anu disebutkeun ku Gie (2002, kc. 3) yén karangan téh nyaéta pamadegan hiji jalma dina wangun tinulis nu bisa dibaca tur dicangkem eusina ku nu maca. Kagiatan nulis jeung ngarang aya dina lingkup nu sarua. Luyu jeung éta pamadegan yén kagiatan nulis/ngarang téh teu ngan saukur nulis hungkul tapi di jerona aya idé nu kudu ditepikeun kanu maca.

Dina Kurikulum 2013 KI-KD Bahasa jeung Sastra Sunda ditétélakeun yén matéri pangajaran nu ka-3 di kelas 10 ngeunaan Biografi jeung Otobiografi, anapon udagan tina KD 3 '*Menganalisis dan mengidentifikasi untuk memahami teks biografi dan otobiografi berdasarkan kaidah teks secara lisan dan tulisan*' jeung KD 4 '*Menyusun, menyunting, dan menyajikan teks biografi dan otobiografi dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan*'. Biografi jeung otobiografi téh sarua riwayat hirup tapi anu ngabédakeuna palebah saha anu nyieuna, saupama dijieun ku sorangan éta disebutna otobiografi sedengkeun biografi nyaéta tulisan riwayat hirup hiji jalma anu ditulis ku batur. Tapi dina struktur jeung unsur-unsur otobiografi sarua jeung biografi.

Pangajaran nulis otobiografi kudu bisa nyumponan sarat-sarat nulis otobiografi dumasar unsur-unsur nu kudu aya dina éta wacana, lianti unsur-unsur ogé kudu saluyu jeung struktur karangan otobiografi nu jadi ciri khusus tina éta wacana. Struktur karangan otobiografi nurutkeun Sucipto (dina Dwijayanti, 2016, kc 8) nyaéta kudu aya oriéntasi, kajadian atawa masalah, jeung réoriéntasi, sedengkeun unsur karangan otobiografi nurutkeun Sumarsono, dkk. (2013, kc. 39) unsur-unsur biografi/otobiografi ngawengku: 1) ngaran, lalandian atawa julukana, 2) kalahiran jeung asal-usul kulawargana, 3) bentuk fisik jeung pasipatanna, 4) riwayat atikan jeung pagawéana, 5) pikiran atawa gagasanna, 6) karya atawa hasil

gawéna, 7) préstasi jeung pangajén (penghargaan) nu kungsi katarima. Ieu hal nu bakal ditalungtik pikeun mikanyaho kumaha analisis karangan otobiografi siswa. Karangan otobiografi siswa anu hadé bisa nyumponan karangan nulis otobiografi luyu jeung kaédah anu sakuduna bakal dijadikeun bahan ajar maca. Lain waé dumasar struktur jeung unsurna hungkul tapi ogé dumasar keterbacaana kudu anu luyu pikeun nu maca, ku kituna hasil karangan otobiografi siswa kudu diuji keterbacaana naha luyu pikeun dijadikeun bahan ajar maca otobiografi di kelas X atawa henteu. Bahan bacaan ieu téh kudu babari dipikaharti kunu maca (*terbaca*) disagédéngéun hadé dumasar analisis struktur jeung unsur karanganana.

Pikeun nangtukeun tingkat luyu henteuna hiji téks atawa bahan bacaan, bisa dibaca atawa henteuna ku pamaca carana nyaéta ngagunakeun rumus keterbacaan. Tina sababaraha rumus keterbacaan, panulis milih ngagunakeun rumus keterbacaan *Fry* atawa *Grafik Fry*.

Dina prinsipna yén beuki babari hiji téks atawa bahan bacaan bisa kaharti dumasar tingkat pamacana, hartina éta keterbacaan téks luhur (hadé), sabalikna beuki hésé hiji téks atawa bahan bacaan dipikaharti dumasar tingkat pamacana, hartina éta keterbacaan téks handap (kurang hadé). Ku kituna, tingkat keterbacaan ieu kudu ditalungtik supaya mikanyaho luyu henteuna éta bahan bacaan jeung sasaran siswa nu bakal diajarna ngarah bisa diropéa deui saupama can luyu. Ieu panalungtikan museur kana nulis otobiografi sabab can kungsi aya nu nalungtik, salian ti éta panulis miharep bisa meunangkeun data faktual ti siswana sorangan nu bakal dijadikeun modél téks bahan ajar, lain hasil pangarang anu geus profésional. Skripsi nu kapanggih ku panalungtik nyaéta nu geus nalungtik dina biografina hungkul, kalawan judul: “Efektifitas Média *Majalah Dingding* (mading) dina pangajaran nulis biografi (Studi Kuasi Éksperimen ka Siswa Kelas X Multimedia-I SMU Pasundan 3 Kota Bandung)” anu ditalungtik ku Rahayu (2010). “Téhnik Wawancara Pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Biografi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-E SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajar 2010/2011)” anu ditalungtik ku Satriadi (2011). “*Stratégi Modéling Berbasis Téks* (SMBT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-B SMPN 19 Bandung Taun Ajar 2012/2013)” anu ditalungtik ku Nurbudi (2013). “Strategi *Questioning* pikeun

Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-B SMP YAS Bandung Taun Ajar 2013/2014)” nu ditalungtik ku Yuny Anggraini (2014). “Media *Flash Card* dina Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X MIA 3 SMAN 10 Bandung Taun Ajaran 2015-2016) nu ditalungtik ku Ika Solihat (2016). Sok sanajan biografi jeung otobiografi téh ampir sarua, tapi nu ngabédakeun jeung panalungtikan séjén yén nu nalungtik biografi leuwih museurkeun kana modél jeung téhnikna. Padahal hal anu paling dasar nyaéta kudu apal heula kumaha analisis karangan siswa kana struktur jeung unsur otobiografina jeung anu leuwih penting ogé kudu ngukur keterbacaanana.

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMA Pasundan 8 Bandung kelas X-MIA-1, ku sabab ieu sakola tempatna aya di puseur kota Bandung anu biasa sapopoéna jarang ngagunakeun basa Sunda tangtu mangaruhan kana prosés nulis ngagunakeun Basa Sunda ngaliwatan nulis karangan otobiografi. Lain ngan saukur ditingali struktur jeung unsur nulis otobiografina wungkul tapi ogé jeung ngukur keterbacaana, anu udagana bisa dijadikeun bahan ajar maca ka siswa. Ku kituna ieu panalungtikan dibéré judul Analisis Karangan Otobiografi Siswa Kelas X MIA 1 SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2016/2017 pikeun Bahan Ajar Maca perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Dina ieu subbab dipedar idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah anu ditalungtik di dieu aya dua, nyaéta pikeun mikanyaho kumaha analisis karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung, dina nyumponan struktur jeung unsur-unsur otobiografi. Anu kadua ngeunaan bahan bacaan/wacana anu cocok dumasar keterbacaan karangan otobiografi siswa kelas X MIA 1 ditilik tina rata-rata jumlah kalimah per-100 kecap jeung rata-rata jumlah engang per-100 kecap dumasar rumus *Grafik Fry*.

2.2.1 Rumusan Masalah

Sakumaha nu dipedar di luhur yén masalah dina ieu panalungtikan téh nyaéta nganalisis karangan siswa dina nulis otobiografi. Masalah anu bakal dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Kumaha struktur jeung unsur karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung?
- b. Kumaha tingkat keterbacaan karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung?
- c. Kumaha karangan otobiografi dumasar kana analisis jeung keterbacaanana pikeun bahan ajar maca?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho ngeunaan analisis struktur jeung unsur karangan ogé keterbacaan karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung pikeun bahan ajar maca di SMA.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun kumaha analisis karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2016/2017. Déskripsina ieu di handap.

- a. Struktur jeung unsur karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung;
- b. Tingkat keterbacaan karangan otobiografi siswa kelas X-MIA-1 SMA Pasundan 8 Bandung ngagunakeun alat ukur grafik Fry; jeung
- c. Karangan otobiografi siswa SMA pikeun bahan ajar maca.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré manfaat boh manfaat téoritis ogé manfaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa dijadikeun salah sahiji référénsi pikeun mekarkeun deui panalungtikan anu leuwih jero sabada maluruh analisis karangan siswa kelas X-MIA-1 dina nulis karangan otobiografi, tur méré sumbangan pikeun kamekaran bahan ajar dina kaparigelan nulis hususna nulis otobiografi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nyaéta:

- a. pikeun panalungtik bisa méré gambaran jeung nambahan pangaweruh ngeunaan kumaha analisis karangan siswa ngagunakeun basa Sunda;
- b. bisa dijadikeun *Model Teks* bahan ajar dina pangajaran nulis karangan otobiografi; jeung
- c. bisa dijadikeun référénsi/tatapakan pikeun para pangatik dina néangan inovasi ngajarkeun nulis karangan otobiografi ka murid-muridna di SMA Pasundan 8 Bandung ogé sakola séjénna.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab, nya éta Bab I, II, III, IV, jeung V.

Bab I bubuka eusina medar kasang tukang masalah, idéntifikasi jeungrumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Bab II ulikan pustaka jeung raraga mikir eusina medar tiori anu patali jeung nulis, karangan otobiografi, keterbacaan tulisan, jeung pangajaran maca.

Bab III métodeu panalungtikan eusina medar desain panalungtikan (pamarekan, métode, jeung galur panalungtikan), sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrument pangumpul data jeung analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan eusina ngadéskripsikeun data jeung hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung saran.